

ETABLISMAN: Tower Health at Home		
MANYÈL: Tower Health at Home		DOSYE: Jeneral
TIT: Asistans Finansyè pou Pasyan		MÈT DOKIMAN AN: VP, Swen Enfimyè ak Operasyon
ADMINISTRATÈ DOKIMAN AN: VP Prensipal, Direktè Swen Enfimyè		MO KLE:
DAT ORIJINAL: Out 2019	DAT REVIZYON AN: 7/2026	DAT REVIZYON(YO): 10/2020, 10/2021, 1/2024, 4/2026, 7/2026

DOMÈN:

Aplike pou Tower Health at Home.

OBJEKTIF:

Pou asire pwosedi estanda yo etabli epi aplike nan tout branch Tower Health at Home lè n ap idantifye ak ede pasyan ki bezwen asistans finansyè yo regilyèman. Tower Health at Home deziyen kòm yon òganizasyon charitab anba Seksyon 501(c)(3) Kòd Revni Entèn (Internal Revenue Code, IRC). An konfòmite avèk Seksyon 501(r) IRC a, li obligatwa pou etabli epi pibliye lajman politik asistans finansyè òganizasyon an. Objektif règleman sa a se pou idantifye ak sèvi pasyan ki nan bezwen finansyè, epi tou pou fè plis moun konnen gen asistans finansyè ki disponib nan tout Sistèm Sante a ak nan kominote a.

RÈGLEMAN:

Pandan Tower Health at Home ap pouswiv misyon li pou l bay kominote a swen sante ki gen bon kalite ak konpasyon, ki pa chè, ki aksesib, li rekonèt tou tout pasyan pa gen menm mwayen pou yo peye pou sèvis medikal yo. Tower Health at Home dwe pibliye anpil enfòmasyon sou disponibilite asistans finansyè pou kominote a sou sitwèb ajans lan, bwochi ak angajman avèk gwoup defans kominote a. Anplwaye ajans lan pral enfòme pasyan yo ak fanmi yo sou resous ki disponib yo epi yo pral ede yo nan pwosesis pou ranpli aplikasyon ak jwenn aprobasyon pou asistans finansyè a pou asire tout pasyan kontinye gen posiblite pou jwenn swen yo bezwen yo.

DEFINISYON:

- A. Montan yo Jeneralman Faktire (Amounts Generally Billed, AGB): Seksyon 501(r)(5)(A) egziye pou òganizasyon an limite montan yo mande pou swen medikal ki nesèsè yo bay moun ki kalifye pou asistans anba FAP òganizasyon an (moun ki kalifye pou FAP) pa plis pase montan yo jeneralman mande pou moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo. Yo kalkile AGB a lè yo sèvi ak metòd pwospèktif la ki baze sou tarif sèvis Medicare yo.
- B. Gid Federal sou Povrete (Federal Poverty Guidelines, FPL): Yo pibliye gid sa yo chak ane nan Rejis Federal la epi yo itilize yo pou detèmine yon nivo debaz pou nivo povrete a. Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la (Department of Health and Human Services) pibliye enfòmasyon estatistik sa yo.

- C. Èd Finansyè: Swen sante yo bay pasyan yo san yo pa atann okenn peman pou sèvis sa yo, swa an antye oswa an pati, dapre jan yo evalye pasyan an pa gen kapasite finansyè pou l peye.
- D. Garan: Moun ki legalman ak finansyèman responsab pou peye fakti yon pasyan.
- E. Sèvis Ki Koute Chè: Pou rezon règleman sa a, yo defini sèvis gwo montan yo kòm sèvis depatman ki koute chè yo bay, tankou sèvis swen palyatif ak sèvis terapi, men li pa limite ak sa yo sèlman.
- F. Konpozisyon Kay la: Detèmine selon kantite moun ki sou deklarasyon taks la. Kantite moun ki nan kay la gen ladan l Pasyan/Konjwen an ak nenpòt timoun biyolojik oswa adopte ki poko gen 18 an.
- G. Revni Kay la: Revni moun k ap viv nan kay la, gen ladan l men pa limite a salè, enterè, dividann, benefis sekirite sosyal, benefis pou veteran, pansyon ak revni konjwen yo. Pou rezon kalifikasyon pou asistans finansyè, egzanp revni ki pa konte yo se benefis asistans tanporè pou fanmi ki nan bezwen (temporary assistance for needy families, TANF), benefis pwogram asistans nitrisyonèl siplemantè (supplemental nutrition assistance program, SNAP), benefis pwogram asistans enèji lakay pou moun ki gen ti revni (low-income home energy assistance program, LIHEAP), ak benefis pwoteksyon kont move tan.
- H. Medicaid: Yon pwogram federal ak leta ansanm ki ede ak depans medikal pou kèk moun ki gen revni ak resous limite.
- I. Sèvis Ki Nesesè Pou Rezon Medikal: Sèvis oswa materyèl swen sante ki nesèsè pou dyagnostike oswa trete yon maladi, yon blesi, yon pwoblèm sante, yon maladi oswa sentòm li yo, epi ki koresponn ak estanda medikal yo aksepte yo.
- J. Pasyan Ki Sipoze Kalifye: Pasyan yo sipoze ki kalifye pou asistans finansyè baze sou sitiyasyon lavi yo, tankou si yo sanzabri, yo pa gen okenn revni ditou, oswa si yo te deja kalifye pou pwogram asistans finansyè anvan sa.
- K. Pasyan Ki Gen Asirans Limite: Pasyan ki gen kouvèti asirans ki lakòz yon gwo responsablite finansyè pou peye fakti medikal yo.
- L. Pasyan Ki Pa Gen Asirans: Pasyan ki pa gen kouvèti asirans ki disponib pou bezwen medikal yo.

PWOSEDI:

Fè moun konnen gen opsyon Asistans Finansyè pou Pasyan.

- A.1. Règleman Asistans Finansyè (Financial Assistance Policy, FAP) ki an vigè a, Fòm Aplikasyon yo, ak Rezime an Langaj Senp (Plain Language summary, PLS) la disponib an Anglè ak nan lang prensipal popilasyon ki pa pale Anglè byen yo (limited proficiency in English, LEP) ki reprezante pi piti nan de chif sa yo: 1,000 moun oswa 5% nan kominote THAH sèvi nan zòn sèvis prensipal li a.
 - FAP la, Aplikasyon yo ak PLS la disponib anliy sou <https://towerhealth.org/locations/home-health-and-hospice/tower-health-home-financial-assistance>

- A.2. Enfòmasyon sou frè yo, ki gen ladan rezime an langaj senp règleman Asistans Finansyè a, enkli nan Liv Admisyon Pasyan yo bay chak pasyan. Rezime pwogram asistans finansyè sa a, ki fasil pou moun konprann, gen ladan l enfòmasyon pou kontakte anplwaye Tower Health at Home yo k ap ede pasyan yo nan pwosesis aplikasyon an.
- A.3. Fakti sèvis Tower Health at Home yo voye bay pasyan yo gen enfòmasyon ki eksplike kijan yo ka jwenn pwogram asistans finansyè a.
- A.4. Tower Health at Home ap travay ansanm avèk pwogram defans dwa moun nan kominote a. Yo pataje disponiblite règleman asistans finansyè Tower Health at Home la avèk ajans sa yo.
- B. Idantifye pasyan ki bezwen Asistans Finansyè pou sèvis ki nesesè medikalman.
 - B.1. Kòm rezilta pwosesis verifikasyon pwoteksyon sèvis finansyè pasyan Tower Health at Home la, pral gen opòtinite pou idantifye pasyan ki pa gen asirans ak pasyan ki gen ase asirans limite. Resous konsèy finansyè Tower Health at Home yo ap ede pasyan sa yo avèk pwosesis aplikasyon Medicaid la.
 - B.2. Pasyan yo refize bay kouvèti Medicaid, oswa sa yo evalye epi yo detèmine yo pa satisfè kritè kouvèti Medicaid la, yo pral egzamine ka yo pou pwogram Asistans Finansyè pou Pasyan an (Patient Financial Assistance program).
 - B.3. Sèvis finansyè pasyan Tower Health at Home yo pral itilize resous kalifikasyon ki disponib yo pou detèmine pwoteksyon asirans ak benefis ki disponib pou tout pasyan yo. Pou pasyan ki pwograme yo, verifikasyon kouvèti an ap fèt anvan admisyon pasyan an pou tout sèvis ki koute chè.
 - B.4. Règleman Koleksyon Entèn/Ekstèn Tower Health at Home la dekri pwosesis kote Tower Health at Home pral fè pasyan ki pa gen asirans peye epi voye fakti bay yo, epi pouswiv koleksyon balans ki poko peye yo. To pou moun ki pa asire a se 70% nan AGB a epi yo aplike li lè yo fè yon premye peman. Règleman sou Koleksyon Entèn/Ekstèn lan disponib anliy sou sitwèb THAH la, epi ou ka jwenn yon kopi papyè gratis, lè w voye yon imèl nan THAHBilling@towerhealth.org oswa lè w rele nan 610-378-0481.
- C. Detèmine kalifikasyon pou Asistans Finansyè
 - C.1. Yo pral konsidere pasyan k ap chèche oswa ki te resevwa nenpòt sèvis medikalman nesesè epi ki demontre yo pa kapab peye pou sèvis yo pou règleman asistans finansyè a.
 - C.2. Asistans lan ka sèlman itilize pou sèvis swen dirèk pou pasyan, eksepte pou founiti medikal pou swen palyatif, DME, ak medikaman ki kouvri lè pa gen okenn lòt sous ranbousman ki disponib.

- C.3 Kantite maksimòm vizit apwouve pou chak pasyan pa mwa pa ta dwe depase 12 vizit. Sèvis yo limite a 20 vizit an total. Nenpòt demann ki depase limit vizit mansyèl oswa total la dwe apwouve pa Vis Prezidan Enfimyè ak Operasyon an.
- Nan kòmansman swen yo, otorizasyon pou vizit yo pral gen ladan l tout disiplin yo epi y ap note sa nan EMR (Dosye Medikal Elektwonik la) pou pèsonèl la ka fè referans ak sa. Y ap swiv vizit yo manyèlman pou asire yo pa depase limit vizit yo.
- C.4 Pasyan k ap vizite Etazini ak entansyon pou resevwa swen ki pa ijans yo jeneralman pa kalifye pou asistans finansyèl.
- C.5 Yo pral mande pasyan yo pou bay prèy revni kay la ansanm ak non moun k ap viv nan kay la, kòm yon egzijans nan pwosesis aplikasyon an. Yo itilize enfòmasyon sa a pou detèmine ki kote kay la tonbe anba Gid Nivo Povrete Federal la (Federal Poverty Level, FPL). Yo dwe bay dokiman sa yo (kote sa aplikab) pou chak moun nan kay la pou verifikasyon revni:
- Souch peman aktyèl oswa verifikasyon alekri nan men anplwayè a
 - W-2 ak/oswa 1099 yo
 - Fòm ki apwouve oswa refize chomaj oswa konpansasyon travayè
 - Verifikasyon alekri ki sòti nan ajans byennèt sosyal piblik oswa nenpòt ajans gouvènmantral sou revni moun nan
 - Travayè endepandan yo bay fòm taks konplè ki sòti nan dènye deklarasyon yo, tankou Aneks C.
 - Dènye deklarasyon labank pou tout kont ouvè yo (pou verifikasyon byen sèlman)
- C.6 Yo bay chak kategori FPL yon montan alokasyon epi yo kalkile li lè l sèvi avèk pousantaj ki asiyen nan To Frè Pou Sèvis Medicare la. Pou pasyan ki gen plis pase 400% nan FPL la, to pou moun ki pa gen asirans lan aplike.

Kategori FPL	Alokasyon	Peman maksimòm pasyan pou chak rankont/vizit
= < 200% FPL	100% alokasyon asistans finansyèl	\$0
ant 201% jiska 250% FPL	90% alokasyon sou to MCR FFS la	\$300
ant 251% jiska 300% FPL	80% alokasyon sou to MCR FFS la	\$500
ant 301% jiska 350% FPL	70% alokasyon sou to MCR FFS la	\$1,000
ant 351% jiska 400% FPL	50% alokasyon sou to MCR FFS la	\$2,000

- C.7. Malgre li pi bon pou kòmanse pwosesis la pi vit posib, pasyan yo kalifye pou mande konsiderasyon pou asistans finansyèl nan lespas 240 jou apati premye dat deklarasyon pasyan an.
- C.8. Pasyan ki kalifye pou asistans finansyèl yo pral peye mwens pase frè brit pou nenpòt swen ki pa nesesè medikalman ke Tower Health at Home bay.

- C.9. Desizyon konsènan kalifikasyon pou asistans finansyè ap pran nan lespas 14 jou apre yo fin resevwa yon aplikasyon asistans finansyè konplè. Y ap egzamine aplikasyon ki pa konplè yo epi y ap fè tantativ pou kontakte pasyan an/garan an pou plis enfòmasyon. Y ap voye yon lèt konfimasyon bay pasyan an k ap dekri rezilta desizyon an. Fakti ki korije yo pral pran an konsiderasyon nenpòt peman anplis pasyan an te fè pou yo ka detèmine montan li dwe a.
- C.10. Lè yo apwouve asistans finansyè a, lèt konfimasyon an ap sèvi tou kòm yon mwayen pou presize delè ki kouvri pa detèminasyon asistans finansyè a. Aplikasyon asistans finansyè ki apwouve yo valab pou yon (1) ane depi dat premye sèvis la te bay la.
- C.11. Si yo pa apwouve asistans finansyè a, y ap voye lèt ki eksplike rezon ki fè yo pran desizyon an, ansanm ak enfòmasyon sou moun yo ta dwe kontakte pou lòt opsyon peman ak kijan pou fè apèl kont desizyon an.
- C.12. Pasyan oswa moun ki gen garanti ki pa dakò ak rezilta desizyon kalifikasyon pou asistans finansyè a ap gen opòtinite pou fè apèl kont desizyon an. Se VP Swen Enfimyè ak Operasyon yo ansanm ak Ofisye Finansyè prensipal la ki pral revize demann apèl la.

D. Kalifikasyon Prezime

- D.1. Pasyan yo ka kalifye pou yon rabè sou tout balans ki poko peye a si yo pa ranpli yon fòm aplikasyon asistans finansyèl si pasyan an satisfè youn nan kondisyon sa yo:
- Li pa gen kay oswa li rete nan yon lojman sibvansyone pou moun ki gen ti revni
 - Kounye a kalifye pou Medicaid (kòm asirans prensipal) men li pa t kalifye nan dat sèvis la OSWA
 - Benefis Medicaid yo fini oswa gen frè pou sèvis ki pa kouvri pa Medicaid.
 - Kounye a kalifye pou asistans sou preskripsyon, SNAP/koupon manje oswa WIC
 - Elijib pou resevwa benefis nan men yon ajans gouvènman kòm viktim yon krim vyolan oswa yon agresyon seksyèl epi tretman an gen rapò ak krim vyolan an oswa agresyon seksyèl la.
 - Yon enkapasite pwouve pou peye pou sèvis yo baze sou tout byen moun nan posede.

E. Responsablite ak Atant Finansyè

- E.1. Si yon pasyan pa kalifye pou asistans finansyè, responsablite finansyè sa yo aplike:
- THAH ap kominike byen klè ak pasyan yo de atant finansyè yo pi bonè posib nan sik faktirasyon an pou evite konfizyon oswa difikilte.
 - Pasyan yo responsab pou yo konprann kouvèti asirans yo epi pou yo soumèt tout dokiman ki nesèsè yo.

- Pasyan yo responsab pou nenpòt balans yo peye poukont yo, ki gen ladan montan asirans oswa entèmedyè ki pa kouvri.
- Pasyan ki gen balans anreta ka oblije regle montan ki anreta yo anvan yo resevwa swen anplis.
- Tower Health at Home ka ranvwaye lòt sèvis swen sante lakay oswa sèvis palyatif pou pasyan ki refize repete fè efò rezonab pou peye pou swen yo a.

GID:

PWOTOKÒL FOUNISÈ A:

EDIKASYON AK FÒMASYON:

Ekip Sik Revni an pral responsab pou fòmasyon anyèl sou atant ki kouvri nan règleman sa a. Nouvo anplwaye Sik Revni yo pral resevwa fòmasyon jan sa apwopriye pandan oryantasyon inisyal yo a.

REFERANS:

APWOBASYON KOMITE/KONSÈY LA:

ANILASYON:

Kontni dokiman sa a ranplase tout règleman/pwosedi/pwotokòl/direktiv, memorandòm, ak/oswa lòt kominikasyon anvan yo ki gen rapò ak dokiman sa a.

Kopi enprime a pa kontwole e li posib pou se pa vèsyon aktyèl la.